390. Rara Sia : Aduh, mati aku. Enggih kaya ngeten ta Kang Mas? Wewadi. Wewadine kadang ampun kaya ngoten. Lho kok ling kebangeten Dimas Danang niku. Malah ngaleb lho, Kang Mas.
391. Adipati : Ngaleb piye?
392. Rara Sia : Ngaleb pejah Panjenengan. Nek Panjenengan mpun pejah, randane kula dipek. Lho, kaya ngoten niku lho.
393. Adipati : Danang?
394. Rara Sia : Injih.
395. Adipati : Ngomong ngana?
396. Rara Sia : Enggih, Kang Mas.
397. Adipati : Pancen aku wis tuwa kok, enggal mati.

398. Rara Sia : Lhoh! Dos pundi ta Panjenengan ki?
399. Adipati : Aku iki wis tuwa. Ura bisa suwe meneh uripku. Sedelok meneh ya mesti mati.
400. Rara Sia : Lho! Panjenengan nrima nek randane kula dipek kalih Dimas Danang?
401. Adipati : Ya trima nek aku wis mati.
402. Rara Sia : Aduh, mati aku! Mati aku! Iki piye? Iki piye? Iki piye? Kang Mas, lho kula nika garwanipun sinten?
403. Adipati : Garwaku.
404. Rara Sia : Lha njih. Lho kula garwane Panjenengan. Dijamah kalih wong liya, luwih-luwih niki kadange Panjenengan dewe lho, Kang Mas. Kadange Panjenengan piyambak, isin wirang napa nek Panjenengan mangertosi lampahan ingkang kados ngaten.
405. Adipati : Aku kok ora pati percaya nek Danang iku seneng karo kowe.
406. Rara Sia : He..he... Panjenengan menika.... Saestu kula mboten goroh menawi Dimas Danang kelakuane bejat kaya ngoten niku.
407. Adipati : Yen tumindake Danang kaya ngana tenan, perkara iki bakal tak adili, merga mirang-mirangke karo Bupati Pati. Mula keng saka iku, omonganmu tak gugu lho, ya? Nek mengkone nganti cidra ing janji, aja takon dosa kowe!
408. Rara Sia : Mboten. Saestu kula mboten goroh, Kang Mas.
409. Adipati : Apa Danang iseh mbojong karo kowe?
410. Rara Sia : Tasih.... Lha wong tasih ngoyak kula terus kok, Kang Mas.
411. Adipati : Kana sumingkir! Kowe sumingkir!
412. Dimas Danang : Wonten menapa? Ingsuma deduka ingkeng Rayi?
413. Adipati : Piye??? Piye?? (*sambil memukul Dimas Danang*)
414. Dimas Danang : Nuwun sewu. Wonten menapa, Kang Mas?
415. Adipati : Kowe iseh ngakoni yen aku wong tuwamu? Iseh? Sapa Rara Sia kae?
416. Dimas Danang : Menika garwanipun Kang Mas Dipati Mangun Oneng. Pindanipun tiyang sepuh kula.
417. Adipati : Ning ngapa kowe wani nembung marang Mbakyumu?
418. Dimas Danang : Perkawis menapa, Kang Mas?

419. Adipati : Nembung trisna karo Kang Mbokmu Rara Sia!
420. Dimas Danang : Menawi mekaten, Kang Mas menika sampun pikantuk pradulipun Mbakyu Rara Sia?
421. Adipati : Perkara iki ora tak silaki. Pancen lagi wae Rara Sia tumeka ing papan kene. Ngandakake nalika tumindakmu kurang ajar! Wani nggonjah karo Kang Mbokmu Rara Sia! Danang! Ura nyana babar pisan yen kowe duwe wekas kaya ngana. Kowe cilik tak gedekake. Bodho tak pinterke. Dadiya satriya tumindake. Bangsa kalawan negarane. Ning tumindakmu kaya ngana. Apa ra bakal nlengsemke asmanipun Kakang?
422. Dimas Danang : Kula ngertos. Menawi ta Kang Mas menika kula nrimah perkawis menika. Nanging menawi ta Kang Mas Dipati Mangun Oneng duka namung perkawis pikantuk pradulipun Mbakyu Rara Sia menika klentu. Menika lepat. Jalaran kedadosan wonten Ing dalem Taman mboten kados ngaten.
423. Adipati : Piye? Kedadeyan ing taman piye?
424. Dimas Danang : Kula nampi serat sakingipun Mbakyu Rara Sia. Ingkeng ijoanipun Nawala kula kedah sowan wonten ing dalem Taman. Saksampunipun kula dumugi wonten ing dalem Taman, kepara Mbakyu Rara Sia menika nembung trisna kaliyan kula kepingin kula ladosi kados dene Mbakyu Rara Sia menika leladi kaliyan Kang Mas Dipati Mangun Oneng.
425. Adipati : Goroh! Danang! Kowe nresnani karo kadangmu dewe. Piye?
426. Dimas : Kang Mas, mangga rawita Kang Mas Dipati Mangun Oneng menika nggego kaliyan atempun Mbakyu Rara Sia. Nanging sumantena kula tasih ngaosi kaliyan Kang Mas kalih Mbakyu Rara Sia, kula mboten tumindak saya-saya wantun nembung trisna dateng Mbakyu Rara Sia.
427. Adipati : Dadi perkara iki kowe isih selak?
428. Dimas : Jalaran kula mboten ngrumangsani.
429. Adipati : Kowe ra gelem ngakoni? Yah, merga kowe duwe hak. Upama kowe ora gelem ngakoni ora papa. Nanging, he Danang, wiwit dina iki kowe kudu minggat saka Kabupaten Pati!

430. Dimas : O... nggih. Sing kudune Raden Danang iki susah, merga katundung saka Kadipaten Pati, ning seng kebangeten ki sing dadi sedulur tua, kok gampang temen nibakke tembung minggat. Mangga kula aturi emut, Kang Mas.
431. Adipati : Piye?
432. Dimas Danang :Pati pancen ingkang kagungan Kang Mas Adipati Mangun Oneng.
433. Adipati : He...em.
- 434.Dimas Danang : Nanging menika tilaranipun Rama swargi Ketimuni. Kula ugi gadah hak waris wonten Kadipaten Pati. Upamiya Kang Mas menika nundung kaliyan kula, kula mboten owel. Kula badhe nilaraken Kadipaten Pati. Nanging....
435. Adipati : Nanging piye, Danang?
- 436.Dimas Danang : Jeneng tetembungan iki, ana tilas bojo, nanging yen ta tilas sedulur niku mboten wonten. Tilas bojo tuladhane, si Dadap duwe bojo Sutini. Niki wis ora kanggo, jenenge ki tilase si Dadap. Nanging, yen tah Dipati Mangun Oneng anggone seduluran kalawan Raden Danang, arepa pedhoto kali kang gedhe ing kana ra bisa mendhotake rasa paseduluran. Kang Mas, mboten owel, kula nilarake Kadipaten Pati. Nanging, menawi ing mangkehipun wonten kedadosan ingkeng mboten kanyana-nyana, menawi wonten kedadosan ingkang elok wonten Kadipaten Pati sampun nuduh kalihipun Raden Danang.
437. Adipati : Minggat seng adoh kowe Danang! Ora nyana babar pisan kowe duwe wekasan kaya ngana. Danang... Danang... kowe seng tak gala-gala, ning jebule mleset saka pengangen-angenu. Gasruh tumindakmu, kaya dene wong kang ora duweni tata lan trapsila. Kakang Mertakusuma.... Kakang Mertakusuma....
438. Mertakusuma : Paring dawuh.
439. Adipati : Panjenenganku paring dawuh marang Kakang Mertakusuma, wiwit dina iki, golekana Raden Danang. Yen iseh kumliwer ana ing Kabupaten Pati, kowe matur karo panjenenganku, merga Danang sakiki wes tak tundung saka ing Kabupaten Pati, Kakang Mertakusuma.
440. Mertakusuma : Lajeng, kalepatanipun menapa?
441. Adipati : Danang trisno karo garwaku Diajeng Rara Sia.

442. Merta Kesuma : Nggih, nggih, nggih. Menawi kados ngaten kepareng.

443. Adipati : Tindakke!

444. Dimas Danang : Aneh... kahanan ana ing Kadipaten Pati wis aneh. Ya gene Kang Mas Dipati Mangun Oneng ora midangetake apa sing dadi aturku malah kepara ndahar ature Mbakyu Rara Sia. O... iya, yen ta Mbakyu Rara Sia kae garwa sing menehi enak lan kepenak. Hayen aku ki mung trima dulur, upama raana cocoke isoh dadi tukar lan padu. O... iya... ya... ya.... Nanging semana, kanggo meleh-melehke kalawan Kang Mas Dipati Mangun Oneng, ing kene aku bakal nggawe pangeram-eram ana Kadipaten Pati, sek meh tinar Dipati Mangun Oneng. Mangg mangga mangga... mangga... enten napa? Kok mesam mesem kaya ketemu bedangane lho, ya?

445. Mertakusuma : Gumujeng kula.

446. Dimas Danang : Perkawis menapa to?

447. Mertakusuma : Perkawis Panjenengan.

448. Dimas Danang : Dadi... Wa Patih Mertakusuma menika sampun pirsira?

449. Mertakusuma : Empun.

450. Dimas Danang : Perkawis kedadosan wonten ing dalem Kadipaten Pati?

451. Mertakusuma : Enggih.

452. Dimas Danang : Masya Allah.

453. Mertakusuma : Malah kula niki ken ngupadi Njenengan.

454. Dimas Danang : Lha niki sampun ketemu.

455. Mertakusuma : Jenengan nggih ndang minggat, ampun suwe-suwe ten Pati.

456. Dimas Danang : O... ngaten?

457. Mertakusuma : Mbebayani niki.

458. Dimas Danang : Ngaten nggih, Wa. Kula janipun menika nggih mboten owel ninggalke Kadipaten Pati. Wong gebyaring ndoya niki nggih mung sauntara.

459. Mertakusuma : Lha mula niku.

460. Dimas Danang : Upama mbenjang kula nggih badhe nilaraken Pati kangge selaminipun.

461. Mertakusuma : Maturnuwun.

462. Dimas Danang : Nanging semantena.

463. Mertakusuma : Nggih.
464. Dimas Danang : Sak derengipun kula nilaraken Kadipaten Pati, reh dene kula menika gadah karemenan njala. Kula nyuwun wekdal sawentawis. Kula badhe njala wonten alun-alun.
465. Mertakusuma : Ah... ah.... isah-isahe. Njala kok ten alun-alun? Mboten ten banyu? Njala niku ten kali.
466. Dimas Danang : Lumrah....
467. Mertakusuma : Nggih.
468. Dimas Danang : Menawi njala menika wonten kali, wonten segara menika sampun lumrah. Ning kula ngepinginaken sing ura lumrah.
469. Mertakusuma : Mpun... mpun dibacutke. Mangkih nek konangan malah sengsara Sampeyan.
470. Dimas Danang : Mangga, menawi Wa Pati menika utusanipun Kang Mas Dipati Mangun Oneng.
471. Mertakusuma : Nggih.
472. Dimas Danang : Nanging, kula mboten purun kesah saking Kadipaten Pati kalamun ta kula menika dereng njala wonten ing alun-alun.
473. Mertakusuma : Sampeyan niku.... Kula niku mesakke.
474. Dimas Danang : Mesakke priipun?
475. Mertakusuma : Lha mangkih nek didukani. Panjengan dipejahi.
476. Dimas Danang : Perkawis kadukanan kaliyan Kang Mas Dipati Mangun Oneng menika perkawis kula. Dede perkawisipun Wa Patih Mertakusuma.
477. Mertakusuma : O... nek ngoten mboten kenek kula mesakke, Sampeyan?
478. Dimas Danang : Nggih maturnuwun kula diwelasi.
479. Mertakusuma : Tak wadulke, lho?
480. Dimas Danang : Lho mangga menawi badhe pradul....
481. Mertakusuma : Tak wadulke....
482. Dimas Danang : Mangga! Pancen menika ingkang kula enteni. Pancen iki seng tak enteni.
483. Adipati : Danang! Kakang paring dawuh marang kowe apa?

484. Dimas Danang : Sak cepete Raden Danang kudu minggat saka Pati merga Raden Danang kuwi bocah keng ora tata. Bocah keng wani arep njamah kelawan darbeke wong tuwa.
485. Adipati : Ning kene kowe kok iseh cumondhok ing alun-alun Pati?
486. Dimas : Mung kula nyuwun wedal sawentawis. Kula badhe ngilangaken rasa kangen kula njala.
487. Adipati : Njala?
488. Dimas : Enggih. Menika lak sampun dados karemenan kula ta, Kakang. Wiwit alit kula senengane njala.
489. Adipati : Njala kok neng alun-alun Kabupaten Pati? Sing mok jala apa?
490. Dimas : Nggih mangkih nggih sak entuke. Mboh mengkeh entuk watu, mboh mengkeh entuk boto. Sing baku kula kepengen njala. Nek kula mpun rampung njala, kula nggih age-age badhe nilaraken Kadipaten Pati.
491. Adipati :Njala iku lumrahe golek iwak.
492. Dimas : Enggih.
493. Adipati : Ning alun-alun Pati ora ana iwak. Sing ana wong dodol.
494. Dimas : Nggih nek wong dodol nggih okeh ten Pati.
495. Adipati : Lha, iya.
496. Dimas : Haning kula niki mung sepisan thok niki kula gadah panyuwunan kaliyan Kang Mas Dipati. Sak derengipun kula nilaraken Pati kangge selaminipun.
497. Adipati : Yen pancen kekarapanmu ora keno tak pambeng. Sak wetara kowe tak wenehi wektu yen kowe kepengin njala ana ing alun-alun Kabupaten Pati.
498. Dimas Danang : Oww, ngaten, nggih.
499. Adipati : He..em.
500. Dimas Danang : Maturnuwun dene kula dipun paringi wedal kula njala wonten ing alun-alun Pati. Nanging, ing mangkihipun menawi wonten kedadosan ingkang aneh, Kang Mas Dipati Mangun Oneng sampun ngantos duka kaliyan ingkang rayi pun Raden Danang.
501. Adipati : Ora! Ning pun Kakang nduwe penjaluk, yen wis rampung kowe njala ana alun-alun Pati, kowe ndang lunga saka Kabupaten Pati!

502. Dimas Danang : Enggih. Enggih. Mpun, ah. Ampun kuwatir perkara niku. Wong njala niku apike kudu sabar karo dienteni.
503. Adipati : Njala kok ra entuk iwak malah entuk sandangan i.
504. Dimas Danang : Menapa Kang Mas Dipati Mangun Oneng menika pangling kaliyan busana menika?
505. Adipati : Kok kaya busanane Diajeng Rara Sia.
506. Dimas Danag : Pancen menika busananipun Mbakyu Rara Sia!
507. Adipati : Diajeng Rara Sia!! Dadi ki busanane Diajeng Rara Sia?
508. Dimas Danang : Enggih. Mangka alun-alun kaliyan dalem Taman menika tebih. Ewa semanten kula njala wonten alun-alun malah pikantuk busananipun Mbakyu Rara Sia. Menika kadadeyan ingkang elok. Menika kadadeyan ingkang aneh. Nanging, kasunyatanipun kados ngaten kula nggih mboten saget matur menapa-menapa, Kakang.
509. Adipati : Di, Danang... yen ngana kowe ora luput, Di! Cetho seng luput kadangmu, Diajeng Rara Sia.
510. Dimas Danang : Mboten.
511. Adipati : Sing trisna ora kowe ning Diajeng Rara Sia sing trisna karo kowe.
512. Dimas Danang : Mboten! Inggih lepat menika Raden Danang! Bocah enom tumindak calung tangan. Wani mlebu Taman. Wani nembung trisna kalawan garwane Kang Mase.
513. Adipati : Hiyak.... Mbok ra sah kaya ngana.
514. Dimas Danang : Menika kasunyatan kok, Kang Mas.\
515. Adipati : Kanthi pangalam kitha kowe njala ana ing alun-alun Kabupaten Pati, sliramu entuk busanane Diajeng Rara Sia. Yen ngana aku bisa nggumathokake sing trisna kowe Diajeng Rara Sia.
516. Dimas Danang : Dereng tamtu, Kang Mas. Nggih mbok menawi menika kapinujon. Nanging kangge bukti, kedahipun Kang Mas menika nimbali kaliyan ingkang garwa Rara Sia.
517. Adipati : Kakang. Kakang Merta Kesuma.
518. Merta Kesuma : Dawuh. Inggih.
519. Adipati : Diajeng Rara Sia timbalana.

Wah, lho! Gene ngapa nganggo busana sing kaya ngana? Neng ndi busanamu?

520. Rara Sia : Pangapuntenipun ageng. Kula mboten mangertosi, Kang Mas. Ngertos-ngertos busana kula longgar kados ngaten kemawon, Kang Mas.
521. Adipati : Iki busanane sapa, Diajeng? Diajeng Rara Sia, kowe ki kiblata wanita ning Kabupaten Pati. Yen nganti tumindakmu kaya ngana, kaya dene tumindake wong wadon keng manggon ana ing warung playahan. Jebul nggonmu matur karo pun Kakang, dandang tok unekke guntul, guntul tok unekke dandang. Hiya? Sing trisna dudu Raden Danang ning malah kapara kowe Rara Sia!
522. Rara Sia : Nyuwun pangapunten, Kang Mas. Mboten kula selaki menawi kula nembung kaliyan Dimas Danang. Kula nyuwun pangarsa dumateng Panjenengan, Kang Mas.
523. Adipati : Apa kowe kurang mukti sakwise kowe dadi garwane Bupati Pati Mangun Oneng? Sapa Danang? Talingamu keprungu, gantine wong tuwane wadon Danang iki kowe! Kudune kowe bisa nggala wenthah marang Danang tumuju kebenaran. Ning yen kaya ngene iki apa tumindakmu Rara Sia?
524. Rara Sia : Kang Mas, mboten kula selaki menawi tumindak kula menika mboten saget dados patuladhan. Nanging sedaya menika sampun kebacut malah kula kewirangan kados ngaten. Pramila kula nyuwun dumateng Panjenengan, kang Mas. Kersa maringi pangapunten dumateng kula. Mboten badhe kula ambali malih tumindak kula, Kang Mas.
525. Adipati : Ayumu mung kanggo ngracuni marang atiku. Lahirmu kowe trisna karo aku. Ning batinmu, kowe mirang-mirangke karo pun Kakang. Dewi Rara Sia! Jerengen gobogmu! Wiwit dina iki kowe minggat saka Kabupaten Pati!
526. Rara Sia : Kula nyuwun pangapunten, Kang Mas. Mboten badhe kula ambali malih. Saestu mboten badhe kula ambali mugé Panjenengan kersa dateng kula malih, Kang Mas.
527. Adipati : Ora bisa! Pangandikanipun Kakang pindaminangsi keng tumetes ana ing trancam putih wis ora bisa kabusak maneh. Mula keng saka iku, nek kowe

ora gelem lunga saka Kabupaten Pati, dene mbahaku sih nyawang gebyaring ayumu ana ing Kabupaten Pati luwih becik tak sampurnakke!

528. Rara Sia : Kang Mas.... Kang Mas....
529. Adipati : Kula... kula... sing marahi ki kowe!
530. Mertakesuma : Lha kok kula saget marai ki lho.
531. Adipati : Bola-bali aku rak wis kandha.
532. Mertakesuma : Kalepatan kula niku napa?
533. Adipati : Danang!
534. Dimas Danang : Paring dawuh, Kang Mas.
535. Adipati : Lelakon iki ayo dikubur sing jero. Aja nganti timbul ana ing Kabupaten Pati. Dawuh pangandikaku nalika semana yen kowe tak tundung saka ing Kabupaten Pati, mula pidana keng tak patrapake karo kowe tak jabel, sakiki dina ayo kowe bareng-bareng mukti karo pun Kakang cumondok ana ing Kabupaten Pati.
536. Dimas Danang : Matur sembah nuwun, Kakang. Menawi to Kang Mas Dipati Mangun Oneng menika sampun emut perkawis menika, endi sing salah lan endi sing bener. Nanging, menawi ta Kang Mas menika ngepenginaken kula wangsul wonten Kadipaten Pati, kula mboten sagah. Jalaran menapa? Sabda pangandika ratu datan kena wolawali sepisan kudu dadi. Kethuk runtut mustikaning jalalaka, ratu kuwi tanpa putra garwa lan sentana, marang sapa kaluput kudu nampa pidana jumbuh lan kaluputane. Menawi ta Kang Mas menika njabel sabda pangandika ingkeng sampun lumenthak teges Kang Mas menika kecoh kadilat maneh. Tantamtu Kadipaten Pati menika badhe horeg. Tantamtu kawula Pati badhe ngeploki dumateng kawicaksananipun Kang Mas Dipati Mangun Oneng. Pramila saking menika....
537. Adipati : Karepmu piye, Danang?
538. Dimas Danang : Sumpahing ati kula mboten amargi kula tatu raos kaliyan Kang Mas Dipati Mangun Oneng babar pisan mboten.
539. Adipati : Terus apa?

540. Dimas Danang : Nanging kangge njejegaken raos adil wonten Kadipaten Pati. Kula badhe nilaraken Pati kangge selaminipun. Kula badhe mapan wonten ing Gua Pati Ayam. Kula badhe ngratoni bangsane kasiman, Kang Mas.
541. Adipati : Danang.... Danang.... Kebo ra nuntun gogo ra matun. Bojo raisoh kumpul.
542. Mertakusuma : Lha, Jenengan grusa-grusu, kok.
543. Adipati : Piye?
544. Mertakusuma : Grusa-grusu....
545. Adipati : Grusa-grusu piye?
546. Mertakusuma : Mboten dipenggalih. Kedadosan nggih ngeten niki.
547. Adipati : Bupatine kowe apa aku?
548. Mertakusuma : Njenengan.
549. Adipati : Lha, kok tok paido? Lelakon tak ibaratke wes kebacut. Rak iya to? Upama tak tangisana, Diajeng Rara Sia wis minggat soko Kabupaten Pati. Yayi Danang, wes ora gelem cumondok ana ing Kabupaten Pati. Perkara iki cukup semene wae. Sing baku, perkara Ondo Rante, nggone gawe geger ana ing Kabupaten Pati sak kukuban, ora mendho ning malah saya ndodro. Mulo keng saka iku, ngisep-isep pawarta mbok menowo ing mengkone kowe entuk pawarta bisano Ondo Rante mandeg ora gawe geger ana ing Kabupaten Pati.
550. Mertakusuma : Kados ngaten, nggih... nggih... nggih... ndadosna. Kepareng.

Disc 3

Dagelan

551. Adipati : Kakang Merta Kesuma. Rumaos kula Kabupaten Pati tintrim. Ing sak sampunipun kadang kula si Raden Danang nilaraken Kabupaten Pati. Soyo-soyo garwa kula, Diajeng Roro Sio sampun kula tundung saking Kabupaten Pati. Sedaya kala wau saking lekasipun ingkang kapadhas ngaten.

552. Merta Kesuma : Kula piyambak, sampun tepung gelar jagat Pati. Anggen kula ngupadi dateng sesepuh ingkang saget nyepeng dateng tumindak lan pakartinipun Andharante . Ewondene babar pisan dereng kepanggih.
553. Makdum Alatas : Assalamu'alaikum.
554. Adipati : Waalaikumsalam warrahmatullah wabbarakatuh. Ndapadhasaken kejutin manah. Mboten ateges kula menika tumbuh, ning nembe sepisan menika. Njenengan ngendika menika sinten? Wingking saking pundi?
555. Makdum Alatas : Nggih. Menawi sudiya mastani, kula pun Makdum Alatas, tebih saking pondok pesantren, tlatah Tuban, Jawa Wetan.
556. Adipati : Lajeng kersanipun minggah wonten ing Kabupaten Pati menapa kisanak?
557. Makdum Alatas : Sepisan, badhe ngaturaken pangabekti katur wonten ngarsa dalem Kanjeng Adipati Pati. Dening kaping kalih, mbok menawi dipun kparengaken kula badhe syiar agami. Amar makruf nahi munkar wonten ing Jawa perangan tengah, kaleres wonten ing tlatah Kabupaten Pati, Kanjeng.
558. Adipati : O... o... o... oo.... Dapadhas Jenengan ndika sowan ing Kabupaten Pati, ujub lan sedyanipun kepingin syiar agami Islam, ingkang dumunung wonten ing Kabupaten Pati ngaten?
559. Makdum Alatas : Mekaten... mekaten, nggih.
560. Adipati : Nggih... nggih. Kula mboten badhe kawuratan. Paring ndika menawi panjenengan kepingin nggiaraken agama Islam wonten ing Kabupaten Pati. Nanging, kula nggadahi panuwun kalih Panjenengan. Awit wonten ing Kabupaten Pati ing sak mangkih wonten setunggalipun tiyang, tiyang kala wau ingkang gething mburu sengit kalih agami Islam. Napa to sebabipun ngantos kula ngendika ingkang kapadhas ngaten. Awit saben-saben wonten tiyang nindakaken sholat wonten ing masjid, wonten ing mushala, menika sami dipun balangi kalih tiyang kala wau. Menawi njenengan ndika kepingin ngertos, naminipun Andharante, mapanipun wonten ing Dusun Setinggil. Menawi njenengan ndika saget ngemutaken dateng si Andharante , Panjenengan badhe kula paringi lilah anggenipun nggiaraken agami Islam wonten ing tlatah Kabupaten Pati.

561. Makdum Alatas : Alhamdulillah. Prasasat kula menika salah satunggalipun tukang ingkang pikantuk garapan. Rene wonten salah satunggalipun tiyang ingkang piyambakipun mboten remen bab kawruh, kawruhipun agami Islam. Rene kula menika salah satunggalipun musafir. Salah satunggalipun tiyang ingkang syiar agami. Ateges menika garapan kula. Pramila Kanjeng, kula sagah dereng kinantenan selak tan mboten. Kula nyuwun dipun tedahaken wonten pundi papan dunungipun tiyang ingkang nami Andharante kalawau.
562. Adipati : O... o... ngaten. Nggih... nggih. Kakang Merta Kesuma. Kisanak Makdum Alatas kanthinen ana ing Desa Setinggal. Duduhke papan padunungane Ki Andharante .
563. Merta Kesuma : Ngestokaken dawuh.
564. Adipati : Mangga. Mangga, Kakang.
565. Makdum Alatas : Assalamu'alaikum.
566. Adipati : Waalaikumsalam warrahmatullah wabbarakatuh.
- ***
567. Andharante : Yen tak pikir-pikir, dadi wong kaya aku iki kakean mungsuh. Ning kepiye maneh pancen wes dadi anteping tekad. Ora ketang mengko piye dadine. Pancen wis tak niati, tak kajadi. Upama aku njur ora tak bacutake tumindakku kaya ngene. Dianggep yen aku wong licik. Wedi ngadepi perkara.
568. Makdum Alatas : Assalamu'alaikum. Assalamu'alaikum.
569. Andharante : Cangkeman!
570. Makdum Alatas : Kula nuwun.
571. Andharante : Mangga. Heem heemm.
572. Makdum Alatas : Napa leres menika Dusun Setinggal nggih, Pak?
573. Andharante : Nggih, pancen menika Dusun Setinggal.
574. Makdum Alatas : Inggih kagungan dalem menapa leres asmanipun Bapak Andharante ?
575. Andharante : Enggih. Pancen mboten kelentu.
576. Makdum Alatas : Matur nuwun. Kula saged pinanggih kaliyan Jenengan ndika?
577. Andharante : Lajeng Panjenengan menika sinten?
578. Makdum Alatas : Kula Makdum Alatas.

579. Andharante : Makdum Al-Atas?
580. Makdum Alatas : Enggih.
581. Andharante : Wah, wah golonganane Sampeyan niki dadi wong jadug.
582. Makdum Alatas : Mboten.
583. Andharante : Lho... niku nggih. Sirahe bentheth kok isih kuwat mlaku.
584. Makdum Alatas : Menika sanes sirah ingkang bentheth.
585. Andharante : Lha kok ditaleni niki.
586. Makdum Alatas : Menika ageman kabudayan saking manca. Saking tlatah Gujarat.
587. Andharante : Rumaos kula nek sirahe sampeyan niku bentheth kok terus ditaleni.
Sinten wau? Makdum Alatas?
588. Makdum Alatas : Enggih.
589. Andharante : Makdum Al-Atas. Duwur nggih.
590. Makdum Alatas : Mboten.
591. Andharante : Lha kok Al-Atas?
592. Makdum Alatas : Menika namung salah satunggalipun nami.
593. Andharante : E... saking Jawi Wetan?
594. Makdum Alatas : Saking Jawi Wetan.
595. Andharante : Wah.. wah... wahh... wonten damele napa niki?
596. Makdum Alatas : Sepisan namung badhe pinanggih dateng Ki Andharante . Namung badhe mboktekaken menapa leres kabar ingkang sampun kula tampi. Ki Andharante menika senengane ngganggu gawe wong seng ngarep ngibadah. Nggangu gawe tiyang ingkang badhe nindakaken sholat sembahyang.
597. Andharante : Niku mboten ngganggu. Seng ngganggu malah wong-wong niku. Cobi sakniki sampeyan pikir, kula niku sayah nyambut gawe ing tegal sawah. Wayah kula ajeng ngaso. Nembe leyeh-leyeh, mripat kula dereng merem, mriku padha bengaakkk bengookkk, gemaarr gemboorrr, regudaakkk-reguduukkk, lowoo bubar, lowooo bubar. Nggih enten seng njengking kula dugang napa niku. Niku seng dikarepke ajeng padhalanan napa?
598. Makdum : Ngeten nggih Ki Andharante , tiyang ingkang sami grudak gruduk, njujuge omah cilik madep ngetan, niku badhe ngibadah, nindakaken sholat jalaran

tiyang ingkang ngrasuk datheng agami Islam menika kedah nindakaken, nindakaken sholat. Awit menika salah setunggalipun rukunipun Islam.

599. Andharante : Nindakaken sholat? Lha seng dikarepke niku dolanan napa?
600. Makdum : Menika tanda, tanda maturnuwunipun titah datheng ingkang Maha Kuwaos. Dados nyembah karo seng gawe urip nggih nyembah kalih Gusti Allah.
601. Andharante : Napa mpun bener omongane sampeyan niku? Kok nyembahe Gusti Allah, nikku napa padha roh Gusti Allah?
602. Makdum : Nggih mboten.
603. Andharante : Lha nek mboten ngertos kok padha disembah? Niku edan napa pripun?
604. Makdum : Gusti Allah. Sinajan to mboten kasate nitra, ghaib, ning kita-kita kabeh kudu percaya karo Gusti Allah. Awit ananing menungsa niku seng gawe Gusti Allah.
605. Andharante : Wah... Sampeyan iki nek omong ya ngoyaworo. Hathek arane ana menungso seng gawe Gusti Allah. Sampeyan roh seng gawe?
606. Makdum : Nggih mboten.
607. Andharante : Lha thek kandha? Sampeyan niku ya pinter umuk.
608. Makdum : Sakniki genti kula tak takon.
609. Andharante : Mangga.
610. Makdum : Napa sebabe Sampeyan kok ora percaya karo Gusti Allah? Niku dasare napa?
611. Andharante : Mergo kula mboten nate roh! Kula niki gelem percoya nek mpun roh wujude. Conto, kula ten sawah, roh ula, lha ula niku kula sawang ketok niku kula percaya nek niku enten ula. Mangka kula mboten percaya ana Gusti Allah merga kula ra tau roh. Ngoten lho, Mas.
612. Makdum : Gusti Allah niku yen apadhah datan wewangunan, yen cedhak ora sininggolani. Kula nggih genti takon. Genti takon. Genti takon.
613. Andharante : Mangga.
614. Makdum : Sampeyan ora percoya mergo ora weruh? Pitakon kula nggih Ki Andharante .
615. Andharante : Mangga.

616. Makdum : Tiyang gesang kapadhas kula lan panjenengan niku duwe nyawo napa mboten?
617. Andharante : Gadah. Gadah.
618. Makdum : Sampeyan percaya nggih?
619. Andharante : Percaya.
620. Makdum : Percaya nak Ki Andharante niku duwe nyawa?
621. Andharante : Gadah.
622. Makdum : Napa sampeyan ngerti rupane nyawa?
623. Andharante : Ngertos.
624. Makdum : Rupane nyawo niku padhas pundi?
625. Andharante : Lhoo... ngko nek sampeyan kula kandani malah sampeyan goleki.
626. Makdum : Pitakon kula leng kaping kalih. Napa sampeyan percaya yen angin niku wonten, nggih?
627. Andharante : Eneng!
628. Makdum : Wonten, nggih?
629. Andharante : Angin? Wonten.
630. Makdum : Sampeyan napa roh rupane angin?
631. Andharante : Ngertos... ngertos. Rupane angin kok ora roh. Cetho nek sampeyan niki wong goblok, wong bopadha. Nek sampeyan pengen ngerti rupane angin, angin niku rupane abang.
632. Makdum : Lho, angin rupane abang?
633. Andharante : Nggih.
634. Makdum : Kok saget mbuktikaken nggih?
635. Andharante : Saget mawon. Weteng nek mbung-mbung niku jenenge weteng napa?
636. Makdum : Niku masuk angin.
637. Andharante : Masuk angin?
638. Makdum : Enggih.
639. Andharante : Niku nek sampeyan keroki mengkih rak metu abang. Nggih niku angin rupane abang.
640. Makdum : Wah, nggih angel.
641. Andharante : Angel. Mungsuh wong ngeyel kok ra angel lah po?

642. Makdum : Angel ketemu wong kaya Sampeyan.
643. Andharante : Lha, nggih.
644. Makdum : Kula tak takon malih, nggih?
645. Andharante : Mangga.
646. Makdum : Wong sak npadhanya niku padha duwe rai napa mboten?
647. Andharante : Lho.. lho.. lhoo.. lhoo.... Lho, jeneng uwong kok mboten duwe rai.
648. Makdum : Sakniki kula tak roh raine Ki Andharante niku seng pundi?
649. Andharante : Niki.
650. Makdum : Lho, niku pipi.
651. Andharante : Lho, llhhoo. Niki.
652. Makdum : Niku irung.
653. Andharante : Niki.
654. Makdum : Niku bathuk.
655. Andharante : Niki.
656. Makdum : Janggut.
657. Andharante : Cangkeme!
658. Makdum : Sampeyan mboten genti takon kula?
659. Andharante : Nggih, takon.
660. Makdum : Nggih.
661. Andharante : Seng gawe urip niku napa?
662. Makdum : Seng gawe urip Gusti Allah.
663. Andharante : Mbooten. Seng gawe urip niku sega. Nek cara kula.
664. Makdum : Niku dede seng gawe urip.
665. Andharante : Seng gawe urip.
666. Makdum : Seng nguripi.
667. Andharante : Lhoo, iki malah ana besusul moro. Arep la po?
668. Belong : Gak, gak, Lek, gak!
669. Makdum : Aku njaluk tulung Belong karo Sondhong.
670. Belong : Nggih, pripun?

671. Makdum : Ki Andharante ayo dikandani bareng-bareng, ben eling, ben ora ganggu wong seng popadha sholat sembahnyang. Ben ora mathaki wong seng nindakake adzan.
672. Belong : Oww, ngoten. Ngene lho, Kang. Popadha-popadha wong Jawa, ndak iya?
673. Andharante : Ya.
674. Belong : Cara bala-bala santri ki azan, padha sembahyang, aja diganggu, nek Sampeyan moh diganggu.
675. Andharante : Dadi aku leren leh ku mbrangkali karo wong-wong seng padha uni kuwi?
676. Belong : Lhaa....
677. Andharante : Gampang nek perkoro kuwi. Gampang.
678. Belong : Gampange?
679. Andharante : Aku gelem leren. Gelem mandeg. Kowe angger isoh ngandani wong uni-uni niku. Le padha regudaak-reguuduuk, bengak -bengok, angger padha leren, aku ya leren.
680. Belong : Lho, kuwi... kuwi seng diarani manambah marang Gusti Allah.
681. Andharante : Alaah... owah awoh owah awoh....
682. Belong : Iki piye wong iki? Sampeyan nek mlaku duwe tujuan po ora?
683. Andharante : Heh?
684. Belong : Sampeyan nek mlaku duwe tujuan ora?
685. Andharante : Sak senengku ok, mlaku-mlakuku dewe.
686. Belong : Waduh modyar ki aku. Repot niki.
687. Andharante : Lha nak ra repot piye?
689. Belong : Maksudku ngene lho, ya wes kae rep regudak reguduk ya karepe. Wong ya pancen kae padha duwe kewajiban dewe-dewe. Nek menungso urip kan duwe pathokan.
690. Andharante : Kana regudak reguduk iki ganggu leh ku ngaso. Angger wong iku padha leren ora padha regudak reguduk, bengak bengok, aku ya leren leh ku mbrangkali.
691. Belong : Ya cara kana bengak bengok rasah mbok rungokna. Kupinge tutupi.
692. Andharante : Lha, aku duwe kuping ra dirungokno?

693. Belong : Maksudé, kana ya duwe aturan dewe. Wong ngrasuk agama Islam
kan pancen kudu nglakoni sholat limang wektu.
694. Andharante : Wes, aku dikandani sapa wae ora mendok. Angger wong-wong iku
padha ra leren. Apa mentheleng? Tak culek matamu sisan malah!
695. Belong : Ora mentheleng, tranahe matakun mondhol ek. Kowe keno dikandani po
ora?
696. Andharante : Ora!!!
697. Belong : Tenan?
698. Andharante : Iya!!! Arep lapo? Arep lapo???
699. Belong : Padha-padha wong lanange ek.
700. Sondhong : Hee... Kang ati-ati, ya?
701. Andharante : Ben, aja melu-melu!
702. Belong : Kowe aja melu-melu, Npadhang. Menungso urip dikandani bolo kancane
kok ora nggugu.
703. Andharante : Kowe arep njajal karo aku, kowe?
704. Belong : Arep sembrana cah iki.
705. Andharante : Aya!!! Nek kowe arep njajal karo Andharante !
706. Belong : Lho seng njajal sapa re?
707. Andharante : Arep wani aku, kowe?
708. Belong : Seng wani kowe sapa?
709. Andharante : Lha thek omong?
710. Belong : Lho aku nyapot klambi wong sumuk kok.
711. Sondhong : Niki repot niki.
712. Andharante : Ameh la po?
713. Sondhong : Aku kok wedi dewe nyedak, to.
714. Makdum : Wes padha ra wani? Sondhong ya ra wani?
715. Sondhong : Blas, ah, ngulatne matane wes wedi ek.
716. Makdum : Ki Andharante
717. Andharante : Pripun?
718. Makdum : Dawuhing Gusti Allah, lumantar Al-Qur'an, *waa maa qolaktul jinna
wa insa illa liyakbudun*. Sak temene Gusti Allah kuwi ora nitahake jin

lan menungsa, mung tenane supaya popadha ngibadah, padha nyembah, marang Panjenengane. Rene kita-kita kabeh kuwi ngrumangsani menungso, titah sawantah, aya bareng-bareng bekti karo seng gawe urip.

Nyembah karo Panjenengane Gusti Allah. Mugo-mugo ing kanane dingapuro kabeh padhaso lan kaluputane.

719. Andharante : Omongane malah saya bento. Dekne leng tau tekan kana ndek kapan? Wong durung tau tekan kana kok omong neng kanane. Aja mlepu kowe. Nyembah ki seng gelem, seng ora gelem yaben. Ora kancamu thek mbok kongkon la po?
720. Belong : Pancen angel.
721. Andharante : Angel lah. Omong apa?
722. Belong : Diembarno sesuk lak modyar dewe.
723. Andharante : Kakeaneku.
724. Belong : Wong dikandani kancane apik-apik kok.
725. Andharante : Aku kancamu? Ora butuh duwe kanca kowe!
726. Makdum Alatas : Ki Andharante !
727. Andharante : Apa?
728. Makdum Alatas : Pancen kowe wonge angel.
729. Andharante : Angel pancen!
730. Makdum Alatas : Tak umpamakke pakananmu kuwi tela.
731. Andharante : Iya.
732. Makdum Alatas : Upama kowe tak dudohke roti ya ra seneng!
733. Andharante : Ya, ra seneng!
734. Makdum Alatas : Merga pakananmu tela.
735. Andharante : Lah!
736. Makdum Alatas : He...em.... Ya, ra papa. Kuwi Hakmu!
737. Andharante : Haa...!
738. Makdum Alatas : Ning merga menungsa kuwi kudu maksinamadan. Wong kuwi yen bisa kudu nguwangke uwong. Ajen kinajen. Upama kana ya ben ngana, kene ya ben ngene. Nanging, Andharante ! Yen kowe angel dikandani, deleng-deleng?

739. Andharante : Apa?
740. Makdum Alatas : Umahmu sing mburi kae! Deleng! Apa?
741. Andharante : Piye? Loh!
742. Makdum Alatas : Kobong kae!
743. Andharante : Weihhh!
 Waahhh! Cangkem nek omong kok nganti njablah angger menga!
 Wuih!! Wuiihhh!!!
744. Makdum Alatas : Kok nggumun....
745. Andharante : Nyabda!! Nyabda!!! Umahku kobong! Rumangsamu sing isah ngomong ngana mung kowe dewe pa piye? Yahh! Sawang kae!! Sisih kidul kae! Sawang!! Kae watu sing gedhe! Ya, pa ora? Percaya, ya, watu! Ra percaya, ya, watu! Watu kae pecah!!!
746. Belong : Pecah saestu.
747. Andharante : Ngandel ora?
748. Makdum Alatas : Iya. Ora maido.
749. Andharante : Waa, iya.
750. Makdum Alatas : Sumbut! Sumbut karo ngeyelmumu. Jebul nduwe pira-pira kaluwihan.
751. Andharante : Lho, piye....
752. Makdum Alatas : Ki Andharante !
753. Andharante : Apa?
754. Makdum Alatas : Umahmu mburi sing kobong, mbesuk wong Pati kiwa tengene, papan kana kae katlaha Kaborongan!
755. Andharante : Sak wetane Kaborongan, Parenggan, kae!
756. Makdum Alatas : Maturnuwun aku isoh ketemu karo Panjenengan.
757. Andharante : He...em.
758. Makdum Alatas : Nanging yen aku ketemu karo Ki Andharante , kuwi saya suwe saya mbosenke!
759. Andharante : Karepmu?
760. Makdum Alatas : Tak enteni ning njaba umah! Assalamu'alaikum.
761. Belong : Waalaikumsalam.

762. Andharante : Omong apa??! Cetha, Makdum Alatas kae wong sing duwe kaluwihan. Dadi ra lunga. Wiwit saka Jawa Wetan wani neneka ana ing Jawa Tengah. Cetha dewekne arep pamer kepinteran. Arep pamer kawekikan. Nanging kowe jo jajal-jajal mungsuh Andharante ! Kebeneran! Manut prathelanmu aku kok enteni ana sak njabaning desa. Iki! Iki! Tak dingik piye kedadeane mengko. Lena, pecah ndasmu kowe Makdum!
763. Makdum Alatas : Ndongya saya panas. Ora maido para pininter pada ngripta yen ndonya wis nyedaki dina kiamat. Tembung kiamat kuwi tenaning jarwa dasak. Akih kiyayi keng salah alamat. Ora bedane karo Ki Andharante . Wong sing dituwakake, ora gawe tuladha keng apik, ning kok nggawe tuladha keng ala. Mula akih bocah keng dikandani bapak malah padha bentak. Dikandani kiyayi padha wani. Dikandani simbah padha bantah. Dikandani guru padha ra nggugu. Entek-entekane dijajal karo sing gawe urip. Ana banjir kang gedhe. Ana gempa bumi, lan liya-liyane. Tenane menungsa dikandani pada menungsa wis ora kecongah. Dijajal karo Gusti Allah supaya kita-kita kabeh kuwi eling. Eling sangkan paraning dumadi. Sapa ta tenaning menungsa kuwi. Kalamun kita-kita kuwi wis kecandak marang sangkan paraning dumadi. Tak kira ra pada tumindak keng nggawe kapitutane liyan. Gelem maksinamadan. Gelem tulung tinulung sak pada padane manungsa. Merga menungsa kuwi kadadean saka anasir patang perkara. Geni, lemah, banyu, angin. Sing sugih ya kadadean saka lemah. Sing iman ya saka lemah. Sing mlarat saka lemah. Sing duwe pangkat ya saka lemah. Yen eling sangkan paraning dumadi, tak kira ra bakal adigang, adigung, adiguna. Yah! Udz'uni astajiblakum. Titah diwenangake nyuwun Gusti ingkang peparing. La qaula walla quwata illa billah. Sak temene ora ana daya kekuatan mung saka pitulungane Gusti Allah. Aku arep tafakur nyenyuwun ngersaning Gusti Allah.
764. Andharante : Ngene diarani bento kok emoh. Jeng kang jengking. Iki sing tak goleki. Heh, Makdum! Nek kowe lagi kaya ngene iki tak antem watu ndasmu, aku diarani wang licik. Ora wani adepan cara wang lanang. Tak gugah, lena kowe ngadepi aku, kepruk watu ndasmu pecah. Heh, tangi! Heh, tangi!

Mbrangsot ki! Nyepele karo wong! Heh, tangi! Heh, tangi! Walaahhh!!!
Ora menungsa iki!! Demit! Setan!!

765. Belong : Kyayi.... Kyayi... sare kok wonten alas ta. Ndara Makdum! Lhoh!!!
Lhoh!!! Innalillahi wa inna illaihi ra'jiun. Iki piye, Kang? Wah, wonge
mlayu bantere ra umum kae lho? Sapa? Mau owk wong sing rupane riwut-
riwut ireng mau lho. Wong mau? He..em. Iki dipateni berarti? Iki menawa
sing mateni ya Andharante kuwi. Ya, mbuh.
766. Adipati : Ana apa? Heh? Kowe ki lak nderekake karo Kisanak Makdum Alatas?
Kok nimbali aku ana ing papan kene? Ana apa?
767. Belong : Nyuwun pangapunten. Rikala suwau kula lak nderekne Ndarane Makdum
Alatas. Sampun pinanggih kalih Andharante nganti dadi cengkah.
768. Adipati : Terus?
769. Belong : Lha niki kan semaya dienteni ten njaba umah. Mboten ngerti sangkan
paraning billahi, Ndara Makdum Alatas pejah, Ndara!
770. Adipati : Heh?? Kisanak Makdum Alatas mati?
771. Belong : Niki perkara wonten watu gedi niki menawa dijeblok watu niki menawa.
772. Adipati : Diraja niki apane seng tatu apane?
773. Belong : Mboten tatu.
774. Adipati : Ora tatu?
775. Belong : Mboten wonten tatunipun.
776. Adipati : Prayogane purnapane si Makdum Alatas dirukti dawuh sekabehing para
prajurit ana ing Kabupaten Pati, kon methak Makdum Alatas.
777. Belong : Ngoten... ngoten.... Sendika dawuh.

778. Adipati : Kakang Merta Kesuma! Sing tak agung-agungake Makdum Alatas, mbok
menawa dewekne bisa ngendakake lekase si Andharante , nanging ora ngerti
sangkan paraning dumadi, Makdum Alatas mati ana ing papan kene. Hurung
tau rungong patine Makdum Alatas, iki kabeh saka lekase si Andharante .
Mula mring saka iku, Kakang, ndika dadi paseksen, papan sing dinggo mati
Makdum Alatas, mbesuk yen ana rejo rejaning njaman, dadi desa utawa

kutha, Desa Makdum. Sek... sek... sek.... Sapa kowe tumeka ing papan kene ngaras padha ing pangerapnku?

779. Saridin : Kula Saridin, Kanjeng.
780. Adipati : Saridin? Kowe tumeka ana ing Kabupaten Pati apa kepingin pasrah bongkokan karo penjenanganku duk ing nalika semana kowe uwal saka nara prasangka sahingga kowe sakiki bali ana ing Kabupaten Pati?
781. Saridin : Duh Kanjeng Adipati sesembahan kula ingkang kuwaos wonten ing jagat Pati pesantenan. Saridin badhe pasrah bongkokan. Menawi rumiyen kula kabur nilaraken Kadipaten Pati, ngantos puluhan tahun, sahingga sakmriki. Nalikanipun kula nilaraken Kabupaten Pati, kula suwita sinau ngaji wonten ing panti Kudus. Nalika wonten ing panti Kudus kula ugi kaanggep lepat sahingga kula katundung sangsaya tebih kula nilaraken Pati. Lelampahan-lelampahan kula wiwit dumugi wonten ing Palembang, Ngerum, Cirebon, pungkasanipun wonten ing Kasultanan Mataram. Nalika kula wonten ing Mataram, Putri Retna Dumillah, Retna kadang dalem Sultan Agung Hanyakrakusuma, menika dipun susupi bangsanipun lembut, temahan sayembara dalem ingkang saget mupu kula. Pramila saking menika, mboten ateges nami Saridin badhe pamer wonten ngarsa dalem Kanjeng Adipati, Saridin sampun dapadhas kaluwarga Ratu wonten ing Mataram jalaran sakmenika dapadhas bojo kula. Sultan Agung Hanyakrakusuma menika dapadhas dulur kula ipe, Kanjeng.
782. Adipati : Saridin, kabeh kaluputanmu ing nalika semana ayo dipendem sing jero. Niat lan karepku, aku kepingin paseduluran karo kowe. Aja nganti kowe nglakoni tumindak sing ora bener kaya duk nalika semana kowe gawe geger ana ing Kabupaten Pati.
783. Saridin : Duh, Kanjeng Adipati, sedaya lelampahan ingkang rumiyen, kula rumaos gela. Kula nglenggana, mbok bilih nalika rumiyen ing atase mung sak Saridin, horekaken Pati, ndamel geger wonten ing Kadipaten Pati. malah mboten namung menika, alhamdulillah sedaya sampun dipun kersakaken lan dikeparengaken dening Gusti nalika kula ing Ngerum, kula nampi gelah Syeh. Tiyang kathah mestani, kula menika Saridin nggih Syeh Jangkung.

Pramila saking menika, Kanjeng, kula kedah nderek labuh labet nentremaken suasana wonten ing Kadipaten Pati mbok bilih sakwanci-wanci Pati katempuh ing bebaya, Kanjeng.

784. Adipati : Kakang Saridin ya Kakang Syeh Jangkung.
785. Saridin : Nuwun, inggih.
786. Adipati : Yen ngana, tiwas kebeneran. Tekaning Kakang Syeh Jangkung ana ing Kabupaten Pati ambali gegere Kabupaten Pati kang ditimbulake marang si Andharante , wong saka ing Desa Setinggil. Apa ta sebabe Andharante kok gawe geger ana ing Kabupaten Pati? merga Andharante ora cocok marang kawula ing Kabupaten Pati ing kana keng ngrasuk agama Islam. Saben-saben ana wong sembahyang, wong sembahyang pada dibalangi. Langgar, masjid pada diobongi. Nah, lekase si Andharante sing kaya ngana temahan gawe geger ana ing Kabupaten Pati. Penjenenganku, Kakang Patih Merta Kesuma, babar pisan ora dipaelu wak wise aku ngelingake marang tumindake si Andharante . Mula keng saka iku, Kakang Syeh Jangkung. Yen yata yekti Kakang Syeh Jangkung kepingin nebus padhasa ing nalika semana, aku njaluk pitulungane Kakang Syeh Jangkung, gelema ngendakake tumindake si Andharante .
787. Saridin : Nuwun sewu, Kanjenge. Menawi saking panggagap kula, Andharante niku mboten tiyang bodho. Andharante niku mboten tiyang sak baene. Mung Andharante menika kepingin jajal-jajal, ukur-ukur dumateng kebisane, ukur-ukur dumateng kasektenipun. Menawi Andharante dipun adepi kanthi saran kekiatan, malah samsaya badhe nambahi tuwuhing korban. Mangga, kita sami manungsa, kita sami kula aturi sinau dumateng nalurining manungsa. Saya-saya manungsa kacipta dadi manungsa lanang tegese kakung. Wong lanang sekti mahambara sumsuma gegala-gala, kuwi kalahe karo mung siji, mboten sanes kalih wanita utawa wong wapadhan. Gambarane Bapa Nabi Adam allaihi salam. Nalika Bapa Adam allaihi salam manggon ana ing taman kasuwargan ya taman Firdaus urip kasepen, nyuwun kanca dumateng Allah Swt.. Allah Swt. peparing ngantos dipun sempalaken iga wekasipun Kanjeng Nabi Adam kacipta kun fayakun

saktemah dadi Ibu Siti Hawa. Manungsa jalu lan pawestri sing luwih gampang digoda karo iblis kuwi wong wapadhan sebab wong wapadhan jenenge Hawa, menga. Tembung menga gampang dileboni. Beda karo wong lanang, Adam, mingkem. Mula nalurine menungsa wapadhan, siji ora isoh nyimpen wadi, loro gampang kena goda. Nalikanipun wonten ing alam kasuwargan, Siti Hawa digoda iblis. Diiming-imingi kang supaya mangan wohing kuldi. Mangka wes dadi laranganing Gusti Allah. Merga Hawa ora kuwawa namengi panggodaning setan, satemah Hawa njaluk kalih Nabi Adam kang supaya dipundutke woh kuldi nganti kelakon. Adam kalah. Kalah karo Siti Hawa. Senajan nerak marang wewalinge Gusti Allah saktemah dahar wohing kuldi. Temah dianggep padhasa lan luput, Adam, Siti Hawa temahan kasebrataken saking alam kasuwargan sak temah urip wonten ing alam npadhanya. Upama biyen, Adam ora kena rayu lan tembung manise Siti Hawa, mbok menawa manugsa uripe ana ing alam kasuwargan. Urip sing tanpa nandang rekasa. Lha niki minangka pasinaon, wong lanang sekti, jadug, sugih, drajate duwur, isoh runtuh karena wong wapadhan. Saya-saya wong wapadhan ayu. Wong wapadhan saya ayu, saya gampang ngruntuhake kaliyan imane tiyang kakung. Pramila saking menika, menawi saking pemanggih kula, ngadepi Andharante aja nganggo okol, kudu nganggo akal. Yen okol ora kuwawa. Akal ijih ora kuwawa, kita ngginakaken ukil. Piye ukile supaya Andharante kasirep mboten damel griyah wonten Kadipaten Pati? Pramila kula namung anggadahi panyuwun dumateng Panjenengan, menawi dipun keparengaken kula nyuwun ngampil prawan sakkembaran ingkeng ayu-ayu. Betahipun kangge milut si Andharante , karep kula.

788. Adipati : Kakang Merta Kesuma.

789. Merta Kesuma : Dawuh.

790. Adipati : Panjenenganku nyuwun ngampil putramu sakkembaran kinarya kanggo mungkasi tumindake si Andharante .

791. Merta Kesuma : Ngestuaken dawuh.

792. Saridin : Alhamdulillah. Fajar-fajar sing metu sing gedhe-gedhi. Gek niki kayemen ketoke, prawan ayem, mangane enak turune angler. Mulane awake padha lemu-lemu. Nggih niki sing kula goleki kanggo milut kaliyan si Andharante . Nduk....
793. Buranti : Injih kados pundi?
794. Saridin : Bener kowe jik prawan?
795. Buranti : Inggih.
796. Saridin : Kowe ya jik prawan?
797. Ratamsih : Nggih kula tasih prawan.
798. Saridin : Prawan kliwatan.
799. Ratamsih : Nggih pancen prawan kliwatan kok.
800. Saridin : Ya wis ora papa kok jeneng jodho kuwi Gusti kang ngeparengake kok. Mbok menawa durung winanci ketemu jodho. Tak anggep wis setengah dewasa. Tegese wis nalar. Wis pinter. Ngracik ukara. Milut marang priya. Lha iki aku butuh tenagamu. Tenane sing butuh ora aku, nanging Kanjenge Pati. Sampun kedadeyan gegering Pati kang den dening Setinggil kang aran Andharante . Akih tuwuhing korban wong sing pada mati ora kuwawa ngadepi Andharante . Mung kowe sing bisa ngalahke Andharante .
801. Buranti : Lajeng carane kados pundi?
802. Saridin : Naahhh.... Bocah wadon ayu kuwi ngibaratke pedang sing landep. Mula pedangmu gunakno. Sing tak karepake kowe bisawa dadi pamiluta. Milut karo sing jenenge Andharante . Kowe ethok-ethok suwita. Ethok-ethok melas. Yen perlu Andharante gawenen kepincut karo kowe. Mengko yen Andharante wis kepincut karo kowe, apa penjalukmu musti bakal dituruti. Lahh... mengko yen wis kaya ngana kowe aja njaluk apa-apa. Siji, kowe njaluko kowe kepingin ngerti apa ta pengapesane Andharante . Rak gampang, to?
803. Buranti : Injih.
804. Saridin : Nah, mula tak jaluk kowe sing kenes. Kowe sing kewes. Ya? Mergo sing diandalake wong Pati ngrampungsi Andharante mung kowe sak loro.

805. Ratamsih : Injih. Panjengan ngendika ingkang kapadhas mekaten keparenga kula nyuwun tambahing pangestu Penjengan dalem.
806. Saridin : Ora usah wedi. Mengko sak mburimu ana aku, Kanjenge Pati, lan wong tuwamu Gusti Patih. Kana enggal-enggal. Mangga-mangga
- ***
807. Andharante : Hemm... Wong arep wani karo Andharante , cetha aksara pati nyatane. Makdum Alatas kae ora menungsa! Demit! Lho tenan. Demit ya musuhi Andharante , weh. Tujune aku kok wong sing duwe kaluwihan. Ana bocah wapadhan loro sekembaran ayu semok iki sapa iki?
808. Buranti : Nggih, kula niku Buranti.
809. Andharante : Buranti?
810. Buranti : Nggih.
811. Andharante : Lha, sing siji iki?
812. Ratamsih : Kula Rantamsih.
813. Andharante : Buranti, Rantamsih. Kowe kok tumeka ing Setinggil karepmu arep apa, Nduk, heh?
814. Buranti : Kula kepingin suwita wonten ing ngarsa Penjengan, Bapa.
815. Andharante : Suwita? Lho wong aku iki ora duwe pangkat drajat kok suwita ik.
816. Ratamsih : Kepingin dados buruh Penjengan.
817. Buranti : Nggih, pados pedamelan. Pun didadoske napa mawon kula manut.
818. Andharante : Apa ra kuwalik omonganmu? Lho wong sandanganmu we gumebyar, kok kepingin dadi buruh, buruhe Andharante , wong sing kang kakehan mungsuh.
819. Ratamsih : Kula nggadahi sandangan pating gumebyar menika nggih saking anggen kula buruh. Dapadhas entuk duwit sithik-sithik kula ngge tumbas sandangan.
820. Andharante : Wuih,,, golongane kowe cah gemi, ya?
821. Ratamsih :Enggih.
822. Andharante : Apa omonganmu kena tak percaya nek kowe kepingin dadi buruhe Andharante ? Je, rada nyedak kene-kene.
823. Ratamsih : Nggih-nggih, pripun?

824. Andharante : Sek... sek... sek.... aja kesusu. Wong rupamu iki ayu. Kowe ya tanpa cacat. Nak trima dadi buruh wah mesakke kowe.
825. Ratamsih : Kok mesakke, lajeng mboten dados dipun tampa?
826. Andharante : Ora ngana. Sek... sek... sek... aja kesusu. Aku iki urip ijen. Ana ing Desa Setinggal iki tanpa kanca tanpa rowang. Ngene... ngene.... Timbang kowe dadi buruh, luwih becik kowe ngancani aku kaya bapak lan simbokmu.
827. Ratamsih : Ngancani Sampeyan kaya dene bapak lan simbok?
828. Andharante : Tegese kowe cah loro tak pek bojo ngana piye? Lha timbange kowe dadi prawan nganggur.
829. Buranti : Lha malah kebenaran ya kang mbok, karepe mau arep golek gaweyan, malah panjenengan menika arepe ngepek kula bojo nggih kula tampi Bapa.
830. Andharante : Mbok tampa?
831. Buranti : Anu jebule tenan ya Dhi, ya? Sing jenenge Ki Andharante ki wonge kondhang, jadug tenan.
832. Andharante : Menawa tenagaku isoh pulih, isoh ngeloni kowe cah loro. Iki tenagaku pulih, mengko nek tenagaku pulih kowe tak keloni bareng cah loro.
833. Buranti : Ngeten lho Kakang Andharante
834. Andharante : Piye... piye...?
835. Ratamsih : Sampeyan niku lak dadi wong jadug ta? Mestine wong jadug kuwi uga duweni pengapesan, lak ya kaya ngana ya, Di, ya?
836. Andharante : Pancen aku jadug. Nanging ya duwe daya pengapesan. Pengapesanku ki wong padha ra ruh. Pengapesanku ki, sikilku kiwa tengen, tangan kiwa tengen, dicancang nganggo rantai emas, mengko digeret nganggo gajah. Ya kuwi pengapesanku aku isah mati. Mengko aku turu pijeti, ning kowe aja kanda karo uwong.
837. Adipati : Prajurit Pati! Itungan siji nganti tekan telu, digeret ne. Siji! Loro! Telu!

838. Saridin : Alhamdulillah. Kanjenge Pati.
839. Adipati : Kakang Syeh Jangkung.
840. Saridin : Jasadipun Andharante mangga kabucal wonten ing kali kersanipun dosanipun kalarung wonten ing kali ingkeng banyunipun mili santer. Mangga.

841. Saridin : Kali ingkang kagem mbucal Andharante dadosa petilasan pangeling-eling tumrap anak putu mbenjang sinebuta Kali Rante.

TAMAT